



Haverhill Public Schools

Office of the Superintendent

10 Fevriye 2022

Chè Paren/Gadyen,

Nou kontan enfòm w sou patisipasyon Lekòl Piblik Haverhill nan la Massachusetts State Seal of Biliteracy (So Eta Massachusetts pou alfabetizasyon) pou ane lekòl 2021-2022 pou dezyèm ane a. So sa se pou nenpòt elèv ki demontre konpetans nan lang angle ak nenpòt lòt lang, kit yo pale lang ki pa angle a lakay ou oswa aprann li nan lekòl la oswa nan kominote a. So a gen pou objektif pou:

- (a) Ankouraje elèv yo etidye ak metrize lang yo;
- (b) Sètifye reyalizasyon konpetans nan alfabetizasyon;
- (c) Rekonèt valè divèsite nan langaj;
- (d) Bay patwon yo yon metòd pou idantifye moun ki gen konpetans nan lang ak alfabetizasyon;
- (e) Bay inivèsite yo yon metòd pou rekonèt epi bay aplikan yo kredi pou yo rive jwenn konpetans wo nivo nan lang;
- (f) Prepare elèv yo ak konpetans ki pral benefisye yo nan mache travay la ak sosyete mondyal la; epi
- (g) Ranfòse komunikasyon ant gwoup epi onore plizyè kilti ak lang nan yon kominote.*

Lekòl Piblik Haverhill vle rekonèt ak onore fòs lengwistik yo epi selebre reyalizasyon elèv nou yo ki te etidye ak demontre ekselans nan omwen de lang pou prepare pou pwochen etap yo nan yon sosyete mondyal.

Elèv ki gradye nan 2022 ka satisfè kritè **angle** pou So a yo lè yo satisfè **youn** nan kritè sa yo:

- (a) Demontre yon wo nivo konpetans nan lang angle lè yo satisfè youn nan bagay sa yo:
 1. Jwenn yon nòt 472 *oswa pi wo* nan egzamen ELA MCAS 10yèm ane **oswa** re-tès la, oswa satisfè detèminasyon konpetans modifiye ELA pou gradyasyon (fini avèk siksè nan yon kou lekòl segondè respektif).
 2. Jwenn yon nòt nan entèmedyè ki wo oswa pi wo sou yon evalyasyon Depatman an apwouve nan lang mondyal.
 3. Satisfè tout lòt kondisyon gradyasyon AK
 4. ACCESS pou ELLs yo administre elèv k ap aprann angle chak ane epi yo ka itilize pou satisfè kritè lang angle pou So a. Elèv yo dwe demontre konpetans angle nan ACCESS pou ELLs ak yon nòt jeneral omwen nivo 4.2 ak yon nòt konpoze alfabetizasyon omwen nivo 3.9.

Nou espere onore ekspètiz lang ak divèsite nan distri nou an atravè inisyativ sa a. Si w gen plis kesyon, tanpri kontakte Heidi Perez, Direktè Pwogram PK-12 pou Elèv k ap Aprann Angle nan (978) 420-1933 or Zachary Eldridge, Direktè nan Depatman Lang etranje nan Haverhill High School nan (978) 374-5700.

Sensèman,

Margaret Marotta

Margaret Marotta, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo

